

Asirans Aksidan

Pwoteksyon pou
blesi aksidan
andeyò travay



Reflechi Sou Sa



Plis pase 85% blesi travayè yo ki mande konsiltasyon medikal rive deyò espas travay la[†]



Chak 10 minit, gen 1,054 moun ki blese ase grav pou yo bezwen wè yon doktè oswa yon pwofesyonèl medikal[†]



3.2 milyon moun yo te trete nan depatman ijans pou blesi ki enplike espò ak ekipman lwazi nan 2021[†]

Lè yon domaj aksidan mande swen medikal, depans sa yo ka anpile byen vit. Asirans Aksidan ka ede lè lòt asirans pa kouvri tout bagay, paske li bay yon lajan kach pou ede kouvri depans yo.

Men Kijan Li Fonksyone

- Chwazi yon benefis ak kantite lajan prim ki satisfè bezwen ou
- Prim yo pral dedwi chak peryòd peman
- Si ou fè yon aksidan epi ou resevwa swen medikal, fè yon reklamasyon epi ou gendwa resevwa benefis lajan kach*

Pwoteje Finans ou

Ou te travay di pou ekonomi ou – pa kite yon aksidan fè yo pati tankou lafimen.

- Pwoteje kont kouran ak kont epay ou
- Pa retire fon nan kont 401(k) ou



**N ap pwoteje asire
yo depi plis 60 lane**

Satisfè Bezwen Ou yo

- Kouvèti Garanti San Egzamen Medikal, sou rezèv esklizyon ak limitasyon*
- Kouvèti a ka gen ladan depandan ou yo
- Prim yo abòdab, epi yo ka retire dirèkteman nan pewòl ou san pwoblèm
- Kouvèti a gendwa kontinye; gade sètifika ou pou plis detay

[†]National Safety Council, Injury Facts®, Edisyon 2022.

*Tanpri gade seksyon Esklizyon ak Limitasyon nan bwochi sa a.

Ranknotre Daniel & Sandy



Chwazi

Daniel enskri nan Asirans Aksidan pandan Peryòd Enskripsyon Ouvè anplwayè li a.

Itilizasyon

Kèk mwa apre, Daniel blese janm li nan jwe baskètbòl Men istwa li a:



Anbilans

Koekipye Daniel rele yon anbilans pou mennen l lopital



Tès yo

Aprè radyografi, doktè yo detèmine ke Daniel frakti tandon Achilles li



Sejou Lopital

Li te entènè nan lopital la pandan pou yon sejou yon jou pou sibi operasyon



Operasyon

Daniel opere epi yo voye li lakay ak beki ak medikaman



Gerizon

Daniel gen sis semèn nan terapi fizik pou reprann fòs nan janm li

Reklamasyon

Daniel soumèt yon reklamasyon sou Asirans Aksidan li atravè pòtal entènèt pratik la, **MyBenefits Li resevwa benefis lajan kach pou:**

- Anbilans Machin
- Medikaman
- Sal Ijans
- Radyografi
- Premye Jou pase Lopital
- Chak Jou Pase Lopital
- Doktè Tretan pou Aksidan an
- Operasyon nan Tandon
- Anestezi Jeneral
- Tretman Suiwi Aksidan
- Terapi Fizik (3 jou/semèn)

Pòtal MyBenefits pou Depoze Reklamasyon

standard.com/ahl/mybenefits

Platfòm nan bay aksè 24/7 a enfòmasyon esansyèl sou benefis ou. Ou kapab siyen elektwonikman, soumèt ak verifiye reklamasyon ou (ki gen ladan dosye reklamasyon yo), mande depo dirèk pou benefis lajan kach yo, modifiye enfòmasyon pèsònèl ou, ak plis toujou.

Men kèk nan fason Daniel kapab itilize benefis lajan kach li yo



Finans

Ka ede pwoteje ekonomi ou, plan retrèt ou ak 401(k) ou pou yo pa fin depanse nèt



Vwayaj

Ka ede peye depans pandan w ap resevwa tretman nan yon lòt vil



Lakay

Ka ede peye ipotèk la, kontinye peye lwaye a, oswa fè reparasyon lakay apre swen yo



Depans

Ka ede peye depans lavi fanmi li, tankou bòdwo, kouran ak gaz

Egzanp ki anwo a detaye yon sitiyasyon ki pa reyèl; Eksperyans endividyèl ou ka diferan. Pou yon lis benefis ak montan benefis yo, gade paj 3, 4 ak 5.

MONTAN BENEFIS

Benefis yo peye yon sèl fwa pa aksidan pou chak moun kouvri, sòs si gen yon lòt nòt ki endike lekonntrè

Avantaj Polis Debaz		Plan
Premye Jou Pase Lopital (peye yon fwa / ane)		\$1,000
Chak Jou Pase Lopital (peye chak jou)		\$200
Swen Entansif (peye chak jou)		\$400
Benefis Avenan yo		Plan
Avenan pou Tretman Aksidan ak Swen Ijans		
Anbilans	Sou Tè Anlè	\$ 150 \$450
Doktè Tretan pou Aksidan		\$75
Radyografi		\$150
Swen Ijans		\$75
Avenan pou Debwatman/Zo Kase ¹		\$5,000
Avenan pou Sèvis Sal Ijans		\$150
Avenan pou Benefis Doktè Pasyan Ekstèn (peye chak jou)		\$25
Avenan pou Lanmò pa Aksidan, Anpitasyon ¹ ak Pèt Fonksyonèl ¹		\$50,000
Lanmò Aksidantèl nan Transpò Piblik (pasyaje ki peye tikè)		\$125,000
Avenan pou Amelyorasyon Benefis		Plan
Tretman Swivi Aksidan (peye chak jou)		\$75
Blesi Chire		\$75
Boule	<15% sifas kò 15% oswa plis	\$150 \$750
Grèf Po (% Benefis pou Boule)		50%
Dyagnostik Domaj nan Sèvo		\$450
Eskanè Tomografi pa Ôdinatè (CT) ak Imajri pa Rezonans Mayetik (MRI) (peye yon fwa/ane)		\$75
Paralezi (peye yon fwa pou lavi)	Parapleji Kwadrupleji	\$11,250 \$22,500
Koma avèk Asistans Respiratwa		\$15,000
Operasyon Ouvè nan Vant oswa nan Pwatrin		\$1,500
Operasyon Tandon, Ligaman, Manchèt Wotatif oswa Operasyon Katilaj nan Jenou	Eksploratwa	\$750 \$225
Operasyon pou Disk Espinal ki Fraktire		\$750
Operasyon Je		\$150
Anestezi Jeneral		\$150
San ak Plasma		\$450
Aparèy		\$187.50
Aparèy Medikal		\$7.50
Medikaman		\$7.50
Pwotèz	1 aparèy 2 oswa plis aparèy	\$750 \$1,500
Terapi Fizik oswa Terapi Lapawòl (peye chak jou)		\$45
Inite Reyabilitasyon (peye chak jou)		\$150
Transpò ki pa Lokal (peye jiska twa fwa pa aksidan)		\$375
Lojman pou Manm Fanmi (peye chak jou)		\$150
Transpò Apre Aksidan (peye yon fwa/ane)		\$300
Dan Kase		\$150
Modifikasyon Rezidans/Machin		\$750
Jesyon Doule (Enjeksyon Epidiral)		\$75
Divès Operasyon pou Pasyan Ekstèn		\$150

¹Jiska montan ki afiche a; gade Tablo Benefis pou Blesi nan paj 4. Plizyè pèt ki rive akòz menm aksidan an, peye sèlman jiska montan ki endike anwo a.

Plan Prim yo

MÒD	EE	EE + SP	EE + CH	F
Chak Semèn	\$1.46	\$3.42	\$4.35	\$5.35

Laj pou jwenn li: 18 lane oswa Plis si w ap Travay aktivman

EE = Anplwaye; EE + SP = Anplwaye + Konjwen;

EE + CH = Anplwa + Piti; F = Fanmi

Tablo Benefis pou Domaj yo nan Paj 4

Tablo Benefis pou Blesi

Montan avantaj pou kouvèti ak pou yon sèl evènman yo montre anba a.

*Timoun ki kouvri yo jwenn 100% nan kantite lajan ki afiche a

Dejwentman*	Plan
Jwenti anch	\$5,000
Jwenti jenou oswa cheviy [^] , zo oswa zo pye yo [^]	\$2,000
Jwenti pwanyè	\$1,750
Jwenti koud	\$1,500
Jwenti zepòl	\$1,000
Zo oswa zo men an [^] , zo salyè	\$750
De oswa plizyè dwèt oswa zòtèy	\$350
Yon dwèt oswa zòtèy	\$150
Frakti*	Plan
Anch, kwis (femi), basen ^{**}	\$5,000
Zo tèt ^{**}	\$4,750
Bra a, ant zepòl ak koud (dyafiz la), Zo zepòl la (eskapila), janm nan (tibya oswa fibila)	\$2,750
Cheviy, jenou (patèl), avan bra (rediyis oswa ilna), zo salyè (klavikil)	\$2,000
Pye ^{**} , men oswa pwanyè ^{**}	\$1,750
Machwè enferyè ^{**}	\$1,000
De oswa plis zo kòt, dwèt oswa zòtèy, zo figi oswa nen	\$750
Yon zo kòt, dwèt oswa zòtèy, koksis	\$350
Pèt	Plan
Lavi, tandè, lapawòl, oswa toude je, men, bra, pye, oswa janm oswa yon men oswa bra ak yon pye oswa janm	\$50,000
Yon je, men, bra, pye oswa janm	\$25,000
Youn oswa plis zòtèy oswa dwèt antye	\$5,000

[^]Jwenti jenou (esepte wotil). Zo oswa zo nan pye a (esepte zòtèy). Zo oswa zo nan men (esepte dwèt). ^{**}Basen (esepte koksis). Zo bwa tèt (esepte zo figi oswa nen). Pye (esepte zòtèy). Men oswa ponyèt (esepte dwèt). Machwa enferyè (esepte pwosesis alvewolè a).

Benefis - Benefis peyab pou kondisyon sa yo (sijè a limit ki nan lis nan paj 3 ak 4)

Benefis Polis Debaz la

Premye Jou Pase Lopital

Chak Jou Pase Lopital - jiska 365 jou pou nenpòt aksidan

Swen Entansif - jiska 180 jou pou chak peryòd ospitalizasyon kontinyèl

Avenan Benefits ki Ajoute sou Polis Debaz la

Avenan Tretman pou Aksidan ak Swen Ijans

Benefis pou: Anbilans sou Tè, Anbilans Anlè, Doktè Doktè Tretan pou Aksidan, Radyografi, Swen Ijans

Avenan pou Debwatman/Kase Zo - montan yo peye a depann de kalite debwatman oswa kase zo. Gade Tablo Benefis Aksidan nan paj 4. Plizyè debwatman oswa kase zo ki soti nan menm aksidan an limite a montan ki afiche nan Montan Avantaj yo nan paj 3 ak 4

Avenan pou Sèvis Sal Dijans - resevwa kòm rezilta yon blesi

Avenan pou Benefis Adisyonèl yo

Avenan pou Benefis Doktè pou Pasyan Ekstèn -

peyab yon fwa pa jou, pa moun ki kouvri, pa depase 2 jou pa moun ki kouvri, pa ane epi yon maksimòm 4 jou pa ane si moun ki sou kont ou yo kouvri. Avenan pou

Lanmò Pa Aksidan, Anpitasyon ak Pèt Fonksyonèl -

Benefis pou: Lanmò pa Aksidan, Mwayen Transpò Piblik, Anpitasyon, Pèt Fonksyonèl. Plizyè anpitasyon oswa pèt fonksyonèl ki soti nan menm aksidan an limite a montan ki afiche sou Montan Benefis yo nan paj 3 ak 4

Avenan pou Amelyorasyon Benefis

Tretman pou Suivi Aksidan - pa peyab pou menm vizit kote yo peye benefis pou Terapi Fizik, Okipasyonèl oswa Terapi Lapawòl la De tretman pou chak moun ki kouvri, pou chak aksidan

Blesi Chire - tretman pou youn oswa plis blesi koupe (koupe). Nan 180 jou apre aksidan

Boule - tretman pou youn oswa plis boule, lòt pase kou solèy

Grèf Po - pou youn boule pou ki se youn benefis peye anba benefis la Boule

Dyagnostik Domaj nan Sèvo - premye dyagnostik doukous sèvo, chire nan sèvo, kontizyon serebral oswa entrakranyen Yo dwe dyagnostike pa Eskanè CT, MRI, EEG, eskanè PET oswa radyografi

Eskanè Tomografi Asiste pa Òdinatè (CT) ak Imajri pa Rezonans Mayetik (MRI) -

Tretman yo dwe resevwa nan lespas 30 jou apre aksidan an. Peyab yon fwa pou chak moun ki kouvri, pou chak aksidan, pou chak ane sivil

Paralezi - aksidan kòd epinyè ki lakòz pèt konplè/pèmanan nan itilize de oswa plis manm pou 90 jou youn apre lòt

Coma ak Asistans Respiratwa - san konsyans dire 7 jou oswa plis; entibasyon obligatwa. Koma ki pwovoke medikalman eskli

Operasyon Ouvè nan vant oswa Toraks - dwe fèt pa youn doktè. De oswa plis operasyon ki fèt an menm tan an konsidere kòm youn sèl operasyon

Operasyon Tandon, Ligaman, Manchèt Wotatif oswa Katilaj Jenou - operasyon pou dechire, frakti oswa koupe tandon, ligaman, manchèt rotatè oswa katilaj jenou; peye kantite lajan an redwi montre pou operasyon atwoskòpik

eksploratwa. De oswa plis operasyon ki fèt an menm tan an yo konsidere kòm youn sèl operasyon

Operasyon Frakti Disk - dyagnostik ak reparasyon chirijikal nan youn disk ki fraktire nan kolòn vètebral la pa youn doktè. De oswa plis operasyon ki fèt an menm tan an yo konsidere kòm youn sèl operasyon

Operasyon Je - operasyon oswa retire youn objè etranje pa youn doktè

Anestez Jeneral - peyab sèlman si youn nan avenan Benefis Operasyon yo peye

San ak Plasma - transfizyon apre youn aksidan. Nan 180 jou apre aksidan an

Aparèy - doktè preskri chèz woulant, beki oswa wòkè pou ede ak depasman pèsònèl oswa mobilite

Founiti Medikal - achte founiti medikal san preskripsyon

Medikaman - medikaman achte sou preskripsyon oswa san preskripsyon

Pwotèz - Pwotèz bra, janm, men, pye oswa je doktè preskri pou youn manm oswa youn ògàn ki pèdi nan youn aksidan

Terapi fizik, Okipasyonèl oswa Lapawòl - 1 tretman pou chak jou; maksimòm 6 tretman pou chak aksidan. Gen ladan sèvis kiwopatik Pa peyab pou menm vizit pou ki benefis Tretman Suivi Aksidan yo peye

Inite Reyabilitasyon - dwe entènè lopital akòz youn aksidan anvan yo te transfere nan reyabilitasyon. Yo peye pou chak jou yo chaje frè chanm nan, jiska 30 jou pou chak moun kouvri pandan youn peryòd kontinyèl nan inite

reyabilitasyon an; san depase 60 jou pa ane sivil. Pa peye pou youn kote yo peye benefis Chak Jou pase Lopital la

Transpò ki pa Lokal - jwenn tretman plis pase 50 miles soti lakay ou lè li pa disponib lokalman. Anbilans sou tè anlè pa kouvri. Jiska twa fwa pou chak moun ki kouvri, pou chak aksidan

Lojman Manm Fanmi - 1 manm fanmi granmoun pou rete avèk ou pandan w ap rete lopital Pa peye si manm fanmi abite nan youn distans 50 miles parapò a lopital la. Peyab jiska 30 jou pou chak aksidan

Transpò Apre Aksidan - Pou retounen lakay sou youn mwayen transpò piblik apre youn sejou lopital ki dire 3 jou oswa plis, si aksidan an rive plis pase 250 miles parapò ak lakay ou. Mwayen transpò piblik yo gen ladan yo, konpayi avyon piblik, tren, ak liy otobis. Vwayaj dwe fèt nan espas 48 èdtan apre egzèyat. Peyab sèlman si yo peye Chak Jou pase Lopital

Dan Kase - reparasyon dantè pa kouwòn, ranpli oswa rache dan; se sèlman youn nan twa yo kouvri pou chak aksidan. Domaj nan dan an dwe natirèl epi yo pa ka rive akòz mòde oswa moulen chiklèt

Modifikasyon Rezidans/Machin - modifikasyon pèmanan estriktirèl sètifye ki nesese pa youn doktè, nan lespas 365 jou apre aksidan

Jesyon Doulè (Enjeksyon Epidiral) - enjeksyon nan kolòn vètebral la pou jere doulè akòz aksidan an

Divès Operasyon pou Pasyan Ekstèn - doktè te fè pwosedi chirijikal pou pasyan ekstèn. Pa peye si yo peye youn nan benefis sa yo: Operasyon Ouvri nan vant oswa Operasyon Toraks; tandon, ligaman, manchèt wotatif oswa operasyon katilaj jenou; Operasyon Disk Fraktire; oswa Operasyon Je

Espesifikasyon Sètifika yo

Kondisyon ak Limit

Lè yon aksidan lakòz yon pèt ki kouvri nan 180 jou (sof si gen endikasyon kontrè nan paj Benefis la) apati dat aksidan an, epi yon doktè dyagnostik li, Allstate Benefits ap peye benefis yo jan sa endike a. Yo dwe resewva tretman an Ozetazini oswa nan teritwa li yo.

Kalifikasyon - Anplwayè ou detèmine kiyès ki kalifye nan gwoup ou a (tankou kantite ane sèvis ou genyen ak kantite èdtan ou travay chak semèn).

Kalifikasyon/Revokasyon Moun ki Sou Kont Ou - Kouvèti gendwa enkli ou menm, mari ouwa madanm ou ak pitit ou yo. Kouvèti pou timoun yo fini lè timoun nan gen 26 lane, sof si li kontinye satisfè kondisyon yon moun ki sou kont li ki kalifye. Kouvèti pou konjwen an fini lè gen yon jijman divòs valab oswa lè ou mouri.

Lè Kouvèti a Finis - Kouvèti dapre kontra asirans lan ak lòt avenan yo fini nan dat ki pi bonè nan youn nan dat sa yo: dat yo anile kontra asirans lan oswa sètifika a; dènye jou peryòd ou te fè nenpòt kontribisyon obligatwa; dènye jou ou te nan yon travay aktif, esepse jan sa prevwa anba dispozisyon pou Sispansyon Tanporè, Konje Otorize, oswa Konje Absans pou Rapò Fanmi ak Medikal; dat ou pa nan yon klas ki kalifye ankò; dat klas ou a pa kalifye ankò; oswa dekouvèt fwod oswa fo deklarasyon dokiman lè w ap depoze yon reklamasyon.

Kontinye Kouvèti w la - Ou ka kalifye pou kontinye kouvèti a lè kouvèti anba kontra asirans lan fini. Gade Sètifika Asirans ou a pou plis detay.

Esklizyon ak Limitasyon yo

Eksepsyon ak Limitasyon pou Polis Debaz la ak avenan sa yo: Avenan pou Tretman Aksidan ak Swen Ijan; Avenan pou Debwatman/Kase Zo; Avenan pou Sèvis Sal Dijans; Lanmò Aksidantèl, Avenan pou anpitasyon ak Pèt Fonksyon; ak Avenan Amelyorasyon Benefis - Yo pa peye benefis pou okenn pèt ki koze pa, ki kontribye nan, oswa ki soti nan: blesi ki fèt anvan dat antre an vigè a; zak lagè oswa patisipasyon nan yon revòlt, ensireksyon oswa rebelyon; swisid oswa tantativ swisid, kit moun nan gen bon sans oswa non; blesi oswa aksyon moun fè tèt li pa espere nenpòt enfeksyon bakteryen (eksepte si li soti nan yon koupe oswa blesi aksidantèl); patisipasyon nan aktivite avyasyon sof si se yon pasaje ki peye tikè sou yon avyon transpò piblik ki gen lisans; patisipe nan yon okipasyon ilegal oswa komèt oswa eseye fè yon agresyon oswa krim grav; kondwi nan nenpòt kous oswa tès vitès oswa teste nenpòt machin sou nenpòt pis kous oswa otowout vitès; èni, enkli konplikasyon; blesi pandan moun nan anba enfliyans alkòl oswa nenpòt dwòg, sof si li pran selon preskripsyon yon doktè; sèvi kòm manm aktif nan Fòs Militè, Naval, oswa Ayeryen nenpòt peyi oswa konbinezon peyi; yon blesi ki rive kòm rezilta yon aksidan ki fèt pandan travay.

Eksepsyon ak Limitasyon pou Avenan Benefis Doktè pou Pasyan Ekstèn - Yo pa peye benefis pou okenn pèt ki koze pa, ki kontribye nan, oswa ki soti nan: pèt ki rive anvan dat antre an vigè a; zak lagè oswa patisipasyon nan yon revòlt, ensireksyon oswa rebelyon; swisid oswa tantativ swisid, kit moun nan gen bon sans oswa non; blesi oswa aksyon moun fè tèt li espere; patisipasyon nan aktivite avyasyon sof si se yon pasaje ki peye tikè sou yon avyon transpò piblik ki gen lisans; patisipe nan yon okipasyon ilegal oswa komèt oswa eseye fè yon agresyon oswa krim grav; kondwi nan nenpòt kous oswa tès vitès oswa teste yon otomobil oswa nenpòt machin sou nenpòt pis kous oswa otowout vitès; nenpòt pèt pandan moun nan anba enfliyans alkòl oswa nenpòt dwòg, sof si li pran selon preskripsyon yon doktè; sèvi kòm manm aktif nan Fòs Militè, Naval, oswa Ayeryen nenpòt peyi oswa konbinezon peyi; yon blesi ki rive kòm rezilta yon aksidan ki fèt pandan travay.

Polis asirans y ap fè pwomosyon an disponib an Anglè sèlman. Nan ka ta gen yon diskisyon, dispozisyon ki nan kontra asirans lan ap gen priorite. Avi sa a, ki se yon tradiksyon fòmèl Anglè ki apwouve a, pa dwe entèprete kòm yon modifikasyon oswa yon chanjman nan polis asirans lan.

Bwochi sa a se pou itilize nan enskripsyon ki sitiye nan FL. Reklam sa a se yon solisitasyon asirans; kontak gendwa fèt pa yon Ajan, Ajans oswa Reprèzantan The Standard.

Rev. 2/26. Materyèl sa a valab toutan enfòmasyon yo rete ajou, men pa pita pase 1ye novanm 2029.

Yo bay benefis aksidan gwoup yo anba fòmèlèl GVAP6 kontra asirans lan, oubyen varyasyon eta a bay la. Benefis Avenan Aksidan yo bay anba fòm avenan sa yo, oswa varyasyon eta yo: Avenan pou Tretman Aksidan ak Swen Ijan GP6AUC; Avenan pou Debwatman/Kase Zo GP6DF; Avenan pou Sèvis Sal Dijans GP6ERS; Avenan Benefis Doktè pou Pasyan Ekstèn GP6OPT; Avenan pou Lanmò Pa Aksidan, Anpitasyon ak Pèt Fonksyon GP6ADD; Avenan Amelyorasyon Benefis GP6BE.

Kouvèti yo bay la se yon asirans aksidan siplemantè ak benefis limite. Règleman sa a pa yon règleman siplemantè Medicare. Si kalifye pou Medicare, revize Gid Achtè Siplemantè Medicare ki disponib nan men American Heritage Life Insurance Company.

Sa a se yon ti apèsi sou benefis ki disponib anba kontra asirans gwoup ki kouvri pa American Heritage Life Insurance Company (Home Office, Jacksonville, FL). Detay sou kouvèti a, ki gen ladan esklizyon ak lòt limitasyon, yo enkli nan sètifika yo bay yo. Pou plis enfòmasyon, ou gendwa kontakte Reprèzantan ou nan The Standard.

Kouvèti sa a pa reprezante yon kouvèti asirans sante konplè (souvan rele "kouvèti medikal prensipal") e li pa satisfè kondisyon pou kouvèti minimòm esansyèl dapre Lwa sou Swen Abòdab.



The Standard se non komèsyal American Heritage Life Insurance Company sèvi ak li, ki se yon filyal de StanCorp Financial Group, Inc. standard.com oswa standard.com/ahl